

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* sanggian Ubun Kubarsah nu aya dina album “Regas” mangrupa daya cipta nu luhung. Lian ti éta, ieu rumpaka bisa ngeuyeuban khazanah sastra Sunda.

Ayana panalungtikan Cianjuran wanda *rambatan* miboga tujuan pikeun maluruh ma’na rumpaka kalayan tilikan struktural jeung sémiotik. Lian ti éta, hasil ieu panalungtikan dipaké pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun.

Tatapakan tiori dina ieu panalungtikan nyaéta medar perkara sastra, puisi katut papasinganana, struktur puisi, tembang Sunda Cianjuran kalayan dijerona dijéntrékeun wanda *rambatan*. Satuluyna dipedar ogé perkara sémiotik jeung bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA kalayan teu leupas tina kritéria nu geus ditangtukeun.

Métode dina ieu panalungtikan digambarkeun dina *grand* téori kalayan dijéntrékeun léngkah-léngkah panalungtikanana. Anapon instrumén panalungtikanana maké sistem tabulasi pikeun maluruh data rumpaka Cianjuran wanda *rambatan*.

Dumasar rumusan masalah, ieu panalungtikan ngahasilkeun sababaraha kacindekan, di antarana:

- 1) Hasil analisis struktur rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* ngahasilkeun kacindekan yén imaji nu loba nyampak dina rumpaka nyaéta imaji paningal.

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Wirahma nu nyampak dina unggal rumpaka bisa dicindekkeun *mélodius*, hartina miboga daya musikalitas anu luhung. Suasana nu nyampak lolobana perkara kaasih. Éta bisa katitén dina rumpaka “Silih asih”, “Nganteng”, “Béntang Kuring”, “Ukur Cimatea”, “Suwung”, “Nyungsi”, “Lara Kangen”, “Kula Kélingan”, “Panasaran”, jeung “Lungkawing”. Téma nu loba nyampak dina ieu rumpaka nyaéta ngeunaan kaasih. Anapon rumpakana geus ditataan di luhur. Gaya basa nu mindeng kapanggih nyaéta gaya basa mijalma (*personifikasi*), disusul ku gaya basa lalandian (*métapora*), jeung gaya basa kadalon (*pléonasmeu*).

- 2) Hasil analisis sémiotik rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* ngahasilkeun kacindekan yén tanda nu loba nyampak dina unggal rumpaka nyaéta simbol. Anapon simbol dina unggal rumpaka di antarana “Melang” hiji simbol, “Bétang Ipukan” opat simbol, “Silih asih” tilu simbol, “Nganteng” lima simbol, “Béntang Kuring” tilu simbol, “Ukur Cimatea” hiji simbol, “Amanah” hiji simbol, “Mustika Katulistiwa” sapuluh simbol, “Wegah” tilu simbol, “Sajeroning Sindang” opat simbol, “Kalindih” dua simbol, “Ilang” dua simbol, “Suwung” dua simbol, “Nyungsi” opat simbol, “Lara Kangen” hiji simbol, “Kula Kélingan” dua simbol, ”Regas” opat simbol, “Kageuri Dongkari” opat simbol, “Panasaran” opat simbol, jeung “Lungkawing” tujuh simbol.
- 3) Hasil analisis rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* ngahasilkeun kacindekan yén teu sakabéh rumpaka Cianjuran wanda rambatan bisa dijadikeun bahan ajar. Rumpaka nu dipaké kudu luyu jeung tujuan pangajaran. Dina ieu

panalungtikan meunang kacindekan yén rumpaka nu luyu pikeun jadi bahan ajar nyaéta “Melang-Béntang Ipukan”, ”Béntang Kuring-Ukur Cimatea”, ”Amanah-Mustika Katulistiwa,”, “Wegah-Sajeroning Sindang”, “Suwung-Nyungsi”, jeung “panasaran lungkawing”. Ieu hal dilantarankeun téma, panjangna rumpaka, jeung kecap nu nyampak dina rumpaka luyu pikeun ngarojong tujuan pangajaran ngaregepkeun tembang di SMA.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana ieu karya sastra. Anapon saran nu baris ditepikeun dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) Rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* horéng miboga ajén nu luhung nu bisa dijadikeun bahan pangajaran. Eusi rumpaka miboga ajén-ajén nu hadé pikeun ngawangun karakter siswa. Dina ieu panalungtikan masih loba kahéngkérán. Ku kituna kudu aya panalungtikan nu medar leuwih teleb perkara wanda *rambatan*. Sanajan wanda anyar, tapi amanat nu nyampak bisa jadi tinimbangan pikeun pangajaran.
- 2) Pikeun mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, ulikan sémiotik kudu jadi tinimbangan pikeun nalungtik karya sastra, saperti prosa, puisi jeung drama. Nu jadi lantaranana, ulikan sémiotik bisa maluruh tanda nu nyampak dina karya sastra, dimana tina tanda éta urang bisa meunangkeun ajén pikeun dilarapkeun dina kahirupan.
- 3) Pikeun guru, rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* bisa jadi alternatif dina ngajarkeun tembang Sunda ka barudak.

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu